# ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНОГРАФИЯСЫ ТАРИЙХЫНДА МИЛЛИЙЛИК

**Даулетмуратова Мехрибану Бектилеуовна**
*ЎзДСМИ Нукус филиалы Көркем өнер таныу кафедрасы аға оқытыўшысы*

***Аннотация:*** *Мақалада қарақалпақ халқының миллий дәстүрлери, басқа халықлардан айырмашылық белгилери тарийхы, мәденияты менен бирге бүгинги күндеги қарақалпақ миллий дәстүрлериниң өзгешелик белгилери ҳәр тәреплеме үйренилген.*

***Таянч сўзлар:*** *этнография, тарийх, этногенезис, сак, массагет, шежире.*

Қарақалпақстан этнографиясы тарийхында бул бағдар бойынша Есберген Хожахметов, Айназар Өтемисов ҳәм Ағынбай Алламуратовлар оғада қунлы мийнетлер жәрияланған. Олардың мийнетлери XIX-XX әсирдеги қарақалпақ усташылық өнериниң тарийхын сөз етиў менен бирге олардың буйымларды соғыў усылларында сөз етеди.

Қарақалпақ ағаш усташылығының қашан пайда болғанлығы ҳаққында болжаў қыйын. Бизиң эрамыздан бурынғы әсирлерде өткен грек тарийхшысы Герадот қарақалпақ қәўимлерине қатнасы бар Арал жағаларындағы Сак ҳәм Массагетлер ҳаққында айта келип, оларда алтын ҳәм мыстың көп екенлигин баянлаў менен бирге, ағаштан ийилген сары жай, ағаш арбалардың бар екенлигин жазады. Демек, арбашылық өнери сол дәўирлерде пайда болғанлықтан, оны кейинги дәўирлер менен байланыстырыўға болмайды. Бирақ қарақалпақлардың тарийхы жүдә кеш изертленгени ушын бул ҳаққында жазылған соңғы дәўир дереклерине ғана иемиз. Бирақ ағаш усталары соққан сандық, бесик, арба ҳаққындағы дереклер ҳәр қыйлы дәўирлерде дөреген дәстан, тарийхый жырларда көп ушырайды.

Мысалы:

*Ғодалақ арба жүрместей,*
*Қағаўиймеди элиңиз.*
*Телеген арба жүрместей,*
*Гергеўлимеди элиңиз.* («Едиге» дәстаны)

Яки болмаса ерте дәўирлерде пайда болған халық қосықларында:

*Қарағым мениң жасында,*
*Жасыл қалпақ басында,*
*Әшекейли ақ отаў,*
*Ағасының қасында,*

– деп аталған халық қосықларын алып қарайық. Бул дереклердеги «ғодалақ арба», «телеген арба», «ақ отаў» жақын жыллардың мийрасы емес. Яки әйемги дәўирлерден баслап қыпшақларға уран болған «Тоқсаба»ның (гүби ыдыстың)

өзи де ағаштан жасалған. Ол да әллеқандай усталар тәрепинен жасалған. Яки ағаштан жасалған ердиң өзи ВИ әсир дереклеринде ушырайды. Буннан тысқары «емен ергенек, қарағай саплы найза, торанғылдан ийилген тоғын»лардың өзи талай тарийхый дәўирлерди өз ишине алады.

Түрклер шежиресин жазған Абилғазы Бахадирханның өзиде қарақалпақ этногенизде ең баслы орынлардың бирин иелеген Қаңлы қәўиминиң бабасында ең дәслепки арба устасы сыпатында тәрийиплеген. Яки болмаса Қаңлы атамасының өзинде арбаның ғаңғырлаўынан келип шыққан дейди. Бул ҳаққында көрнекли қарақалпақ классик шайыры Бердақ өз шежиресинде:

*Шунда Қаңлы уста болды,*
*Қағып-Силкип арба қылды,*
*Жуп шүйин Шүйит салды,*
*Шундан Шүйит болған экен,* - деп жазады.

Сол ушын да қарақалпақларда арбаны эрлеўшилик бар. Бул елди бириктириў нышаны болыпта хызмет атқарған. Мәселен, арба жуп арыс, алты бөлектен турады. Тарийхта элди бириктириў ушын сол жағдайлар есапқа алынса керек. Усындай себеплерге көре қарақалпақ халқының жуп арыс ҳәм алты қәўим болғанлығы көп ғана алымларды ойландырған.

Қарақалпақлар этногенизине қатнасы бар әйемги Сак ҳәм Массагетлерде алтын, гүмис, мыс оғада көп муғдарда болған. Демек, биздеги зергерлик өнери де жүдә эрте дәўирлерден басланғанлығын көрсетеди. Әйемги усталар алтын, гүмис, мыс, шойын ҳәм темирлерди сарай қурылысларында да пайдаланған. Буның айырым дереклери халық дәстанларында ушырайды. Мысалы, «Қырық қыз» дәстанындағы айырым қатарларды алып қарайық:

*Он тоғыз ай Мийўалыдай атаўға,*
*Қала менен берик қорған салдырдың,*
*Дәрўазасын шойын менен қуйдырып,*
*Алдын сәнлеп алтын менен ойдырып.*

Демек, усы пикирдиң өзинен белгили темиршилик, шойыншылық оғада ерте заманлардан бери киятырған кәсип.

Улыўма жуўмақластырып айтқанда, қарақалпақ халқының әййемнен кийатырған кәсипшилик өнерге қызығыўшылығын ҳәм бүгинги күнде де келешек жасларды кәсип өнерге бағдарлаў ең тийкарғы ўазийпаларымыздың бири болып есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. «Едиге» дәстаны. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
2. Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.